



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EKZEKITIF POU KONBAT EPIDEMI GRIP KI TOUPATOU NAN NEW YORK

Se Yon Pati Nan Efò Prevansyon A Plizyè Dimansyon Pandan Dyagnostik ak Ospitalizasyon Ebdomadè pou Grip Monte Pou Rekò ki Pi Wo

[Dekrè Ekzekitif](#) Pèmèt Famasyen pou Administre Vaksen Grip bay Timoun Ki Nan Laj ant 2 a 18 Lane

Gouvènè Òdone Pou Elaji Kanpay Sansibilizasyon Piblik Ki Mande Moun New York Pou Yo Pran Vaksen

7,779 Nouvo Ka Grip ak 1,759 Moun Entène Lopital Pou Grip Depi Semèn Pase

Pou kapab Jwenn yon Vaksen pou Grip Ki Tou Pre Ou, Klike [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a yon [dekrè ekzekitif](#) pou konbat epidemi grip nan New York. Dekrè ekzekitif la pèmèt famasyen pou administre vaksen grip bay timoun ki gen laj ant 2 a 18 lane- ogmante aksè ak komodite pou moun New York k'ap chache vaksen grip pandan kantite ka yo rapòte nan tout eta a kontinye ap ogmante. Nan semèn ki sòt pase a, laboratwa te konfime 7,779 ka grip yo te rapòte bay eta a ak 1,759 moun New York ki te entène lopital ak grip konfime, sa yo se pi gwo kantite pou yon semèn nan toulède kategori yo depi yo te kòmanse rapòte an 2004 epi li te depase gwo rekò semèn pase a ki te gen 1,606 moun entène lopital.

“Kòm ka grip ap rive nan nivo epidemik nan New York, nou dwe fè tout sa nou kapab pou konbat viris la epi kenbe moun New York an sekirite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Yon lòt fwa ankò, mwen mande tout moun New York pou ede nou konbat tip grip sa a ki pwopaje vit epi asire yo menm ak fanmi yo pran vaksen.”

Pou nou sansibilize sou gwo to grip la epi kontinye enkouraje moun New York pou yo pran vaksen, Gouvènè Cuomo te tou mande Depatman Sante (Department of Health) pou li te imedyatman elaji sèvis piblik kanpay piblisite sou grip an Eta a ki sible zòn nan eta a grip la frappe pi rèd. Anplis, abòne sou liy mesaj tèks Eta New York lan pral resevwa yon mesaj ki ap enkouraje pou pran vaksen ak ofri resous pou jwenn yon lokal pou resevwa vaksen an.

Dekrè Ekzekitif la, anvigè jodi a, sispann seksyon sou lalwa edikasyon eta a ki limite otorite famasyen pou administre ajan iminite bay kikonk ki gen mwens pase 18 lane pou pèmèt yo administre vaksen bay nenpòt ki moun ki gen soti nan laj 2 zan a pi wo. Nou ankouraje paran ak gadyen pou rele famasi anvan vizit yo an, pou asire yo prè pou yo resevwa pasyan nan gwoup laj sa a. Nou kanmenm ankouraje paran ak gadyen ki gen timoun ki gen laj ant 6 mwa ak 24 mwa pou yo wè founisè swen primè yo a pou vaksen.

Pou kapab resevwa yon vaksen pou grip, kontakte famasi oswa founisè swen sante lokal ou an, oswa jwenn enfòmasyon sou klinik vaksinasyon yo nan kontakte [depatman sante lokal ou an](#). Ou ka jwenn vaksen grip atravè Kat Lasante Pou Jwenn Vaksen (HealthMap Vaccine Finder) nan [vaccinefinder.org](#)

Anplis [mezi yo te pran](#) lakay Depatman Sante semèn pase, Gouvènè a te òdone aksyon k'ap swiv sa yo pou pwoteje moun New York kont grip epi asire kapasite nan sistèm swen sante a:

- Piblikasyon oryantasyon Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) bay konpayi asirans pou asire otorizasyon davans pa yon baryè pou preskripsyon medikaman anti-viris pandan premye 48 èdtan maladi a.
- Angajman dirèk ak tout komisè sante nan tout konte nan Eta New York pou analize kat estrateji kle pou kontwòl grip- vaksen, tretman anti-viris rapid, izolman moun ki malad, ak bon ijyèn pou men- ak pwomouvwa efò sansibilizasyon pou pran vaksen onivo lokal.
- Kominikasyon kontini tout lopital nan Eta New York ak rezidans retrèt pou revize estrateji administrasyon kapasite ak aksyon ki disponib pou elaji kapasite pou jere ogmantasyon pasyan.
- Siveyans kontini kapasite lopital atravè sondaj ak kontak dirèk ak lidèchip lopital yo.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te di, “Pandan kantite ka grip kontinye ogmante atravè eta a, li kapital pou nou rann li osi fasil posib pou moun New York jwenn vaksen grip la pou pwoteje tèt yo, fanmi yo, ak kominote yo pandan sezon sa a. Apati aksyon yo te pran semèn pase, Depatman Sante pral lanse yon kanpay agresif sou prevansyon grip ak sansibilizasyon, l’ap ofri alèt mesaj tèks sou ki kote pou jwenn vaksen, siveye kapasite sant swen sante, epi kowòdone aktivite repons kont grip ak depatman sante lokal, asosyasyon founisè, famasi, ak etablisman sante”.

Mike Duteau, Prezidan Asosyasyon Chèn Famasi (Chain Pharmacy Association), te deklare, “Asosyasyon Chèn Famasi nan New York totalman sipòte Dekrè Ekzekitif Gouvènè Andrew Cuomo pou li pèmèt famasyen ofri vaksen grip bay timoun ki gen de (2) lane oubyen plis. Ak dènye vag grip ki ap afekte kominote atravè eta a, mezi sa a pral elaji aksè bay famasyen ki espesyalman fòme ki kapab ofri vaksen grip bay timoun ak manm fanmi yo. Famasyen se youn nan founisè swen sante nan kominote a ki plis aksesib, souvan yo louvri nan nwit ak pandan wikenn. Tanpri kontakte famasyen ou an jodi a pou wè si li ka ofri sèvis enpòtan sa a pou ou ak pou fanmi ou”.

Kathy Febraio, Direktris Ekzekitif, Sosyete Famasyen nan Eta New York (Pharmacists Society of the State of New York), te deklare, “Famasyen yo ap

prepare operasyon yo pou sipòte Dekrè Ekzekitif Gouvènè a. Yo kontan pou yo jwe yon wòl vital nan limite pwopagasyon grip nan popilasyon vilnerab sa a”.

Eric Linzer, Prezidan ak Direktè Ekzekitif Asosyasyon Plan Sante nan New York (New York Health plan Association), te deklare, “Health Plans nan New York sipòte Dekrè Ekzekitif Gouvènè Cuomo a pou li elaji pouvwa famasyon yo pou administre vaksen grip la pou timoun. Etandone gravite sezon grip ane sa a, li vital pou nou tout chache mwayen pou nou ogmante aksè moun New York ki vilnerab pou jwenn vaksen. Aksyon sa a pral ede plis moun New York evite vini tonbe malad grav epi, nan menm tan an, nou espere l’ap ede yo evide entèn lopital”.

Pou sèt dènye semèn yo, grip lan te epapiye sou plan jewografik atravè New York. Apati 20 Janvyè, yo te rapòte 25,000 ka grip ki konfime nan laboratwa epi 7,101 moun te ospitalize akòz grip epi te gen yon ka lanmò timoun ki lye ak grip la nan Eta New York sezon sa a. Pandan sezon grip ane pase an, yo te gen 12,912 ka ospitalizasyon ki an rapò ak grip lan ak ywit lanmò pedyatrik nan New York. Sou kat ane ki sot pase yo, te genyen yon total 25 lanmò pedyatrik akòz grip nan Eta New York, ak yon anvivon 10,571 ka ospitalizasyon ki an rapò ak grip lan nan yon ane.

Selon CDC a, vaksinasyon yo ta dwe kontinye atravè sezon grip lan, pandan tout lè viris grip lan ap sikile. CDC rekòmande tou pou moun ki malad anpil yo oswa moun ki malad ki ap kouri gwo danje pou sibi konplikasyon grip ki grav yo pou yo trete bonè ak medikaman antiviral grip yo. Medikaman antiviral yo travay pi byen lè yo kòmanse nan de premye jou sentòm yo apre yo parèt. Pa gen mank aktyèl nan medikaman antiviral yo, epi pwodiktè yo rapòte ke yo prevwa reponn a demann sezon yo ke yo prevwa yo.

Anplis jwenn yon vaksen pou grip lan, li enpòtan pou mete an pratik bon ijyèn pou men yo:

- A diferans de kèk viris, grip lan mouri fasilman lè ou itilize savon ak dlo cho.
- Lave men ou souvan ak savon ak dlo cho pandan omwen 20 segonn pou kapab pwoteje tèt ou kont jèm yo epi evite pwopagasyon yo pami lòt moun yo.
- Pòte sou ou yon dezenfektan pou men ki a baz alkolize pou ou itilize lè savon ak dlo pa disponib. Chwazi yon pwodwi ki gen omwen 60 pousan alkòl.
- Pa touse oswa etènye nan men ou yo. Olye de sa, kouvri bouch ou ak nen ou ak yon mouchwa. Moun ki gen grip yo kontajye pandan jiska 7 jou apre ke sentòm yo kòmanse.

Pou plis enfòmasyon sou grip la, vizite:

www.health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/seasonal

###